ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№106 (23.264) • 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июньм) и 3, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Унагъуэшхуэхэм Налшык и хьэблэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зым унапIэхэр щыхухах

Къалащхьэм щыпсэу унагъуэ 72-м Налшык и хьэблэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зым унапIэхэр щыхухах. Щы Iыхьэхэр зратхэм я процент 80-р сабийуэ щы е нэхъыбэ зиIэхэрщ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий бжьыхьэ кIуэм къигъэувауэ щытащ льготэхэр зытехуэ унагъуэхэу зи псэупIэхэр егъэфIакIуэн хуейхэм унэ щащын щIапIэхэр хухахыну. Зэгуэр «Налшык» совхозым иIыгъэ щыхэм ящыщу гектар 700-м нэблагъэ къызэрыкIым унапIэхэр щызэпачащ икIи Iыхьэ пыухыкIар кадастр учётым ягъэуващ. Иджы абыхэм зыхуеину коммуникацэхэр: газымрэ псымрэ зрикIуэну, псы фIейр къызэрыщIашыну бжьамийхэр, электричествэр зрикIуэну кIапсэхэр щаукъуэдий. Апхуэдэу хьэблэщIэм щаухэм хуейщ школрэ сабий садрэ.

Мэкъуауэгъуэм и 1-м Налшык къалэ округым и администрацэм щагъэшащ щIапIэхэр зыхухахэм хъыбар зэрырагъащIэ тхьилъхэр. Кадастр учётым ягъэува унапIэ 72-р си мылъку щытхэм зыхуэфащэ тхьилъхэр иратыжащ.

Льготэ зыхуэфащэ цIыхуэр ящбзыхуащ республикэм и законодательствэм тету. Абыхэм ящыщщ сабий кэзд зиIэ унагъуэхэмрэ унэгъащIэхэмрэ (зэщхьэгъусэхэм ящыщ зым и ныбжьыр илъэс 35-м щIимыгъуауэ щытын хуейщ), профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ Iэщ1агъэлIу узыншагъэр хъумэным, егъаджэныгъэм, щэнхабзэм я Iэнатlэхэм, социальнэ Iэнатlэм, щэнхабзэмрэ физкультурэмрэ я Iэнатlэм щылажьэхэр, апхуэдэу сабий ныкъэдыкIуэ зиIэхэр, къытезыгъэзэн уз хьэлъэхэр зыпкърытхэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** къызэхуэсахэм я гуфIэгъэмкIэ екъуэхъуащ икIи хухаха щIапIэщIэхэм насыпымрэ гуфIэгъуэмрэ щымыужьыхыну зэригуапэр яжриIащ.

- Документхэр унапIэхэр зыльыдсахэм Сабийхэм къащхьэщыжьынымкIэ дунейпсо махуэм зэрыратыжым къегъэлъагъуэ ди деж щIэблэм гупльитэ ин зэрыщагъуэтыр. УнапIэхэр зыхуохахахэм я нэхъыбапIэр сабий кэзд зиIэ унагъуэхэщ. ТынышпIэрэ хуабагърэ зэрылъ псэупIэ зэвгъэпэщыныкIэ лъабжьэ быдэ вгъэтащ, - къызэхуэсахэм захуигъаззэри жиIащ сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ **Уэгъуэ Светланэ**.

- ЩIы Iыхьэхэр къеIэзыххэм нэсу къагурыIуэн хуейщ адэкIэ езыхэр Iуэхум зэрегулъупхъэр, хозяйствэ зэпэщымрэ унэ екIумрэ езыр-езыру зэрызэтемыувэнур, - къыхигъэщхьэкуKIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий**.

Республикэм и законодательствэм къызэригъэувым тету унапIэхэр илъэсищ пIалъэкIэ бзджанду ират. А зэманым къриубыдэу щIапIэр зыхуей хуагъазэу унэ ящыкIи хуейщ. Абы иужькIэщ щIыр зыхухахам и мылъку щыхъунур.

- Дэ ди мурадщ законым къыщыгъэлъагъуэ илъэсищ пIалъэр илъэсищым нэгъэсыным техуэху жэрдэм республикэм и Парламентым къыщыхэтлъхьэну. Арыншамэ, мылъкушхэу зыбгъэдэмылъ, бын куэд зиIэ унагъуэхэм илъэсищым къриубыдэу апхуэдиз лэжьыгъэ яхуэзфIэмыгъэкIынкIэ хъунущ, - жиIащ Налшык къалэм и Iэтащхьэ **Алэкъэй Арсен**.

ШКIЭЖЬ Иренэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Шэт Ирмэ фIыщIэ хуащI

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ республикэм Правительствэм хэтхэм я зи мычэзу зэIущIэ.

АБЫ щIидзэн ипэ къихуэу Мусуковым жиIащ УФ-м узэншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и дэIепыкъуэгъу къуплькъум пэрыувагъащIэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу - КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министру лажьа **Шэт Ирмэ** зэIущIэм къызэрырагъэблагъар икIи республикэм и зыужьныгъэм, медицинэ Iэнатlэр егъэфIакIуэным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ фIыщIэ хуищIащ. «Ди республикэм и медицинэ Iэнатlэр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу жыпIэ хъунущ. Шэтыр абы щыпэрыта илъэсхэрщ а Iэхэум зэхъуэкIыныгъэфIхэр щигъэгъар. А Iэнатlэр федеральнэ жыпхъэхэм хуэгъэкIуэныр, сымаджэщхэр зэIуэпэщ щIыныр, амбуляторэхэмрэ ФАП-хэмрэ къызэIухыныр, сымаджэщыщIэхэр хуэныр, нэгъуэщIхэри абы и унафэм щIэту зэфIагъэкIащ. Ирмэ узыншэу, купщIафIэу къыхуагъэфэща къулыкъум пэрытыну, ди республикэм и Iэхэухэр дяпэкIи игъэкIуэтэну ди гуапэщ», - жиIащ Мусуковым икIи КъБР-м и Правительствэм и ФIыщIэ тхьилъыр абы иритащ.

Шэт Ирмэ жэуапIныгъэшхуэ хэлъу ди щIыналъэм зэрыщыпсэжьар, и Iэхэум хищIыкIыну, езыр цIыху зэпIэзэрыту къаззэрыхэтар я гуапэу къыхагъэщащ, дяпэкIи республикэм и нэIэ къытригъэтыну зэрыщыгугъыр жаIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ **Дадэ МуIэед**, КъБР-м и Къэрал чэнджэщзэгъу **Къэрмокъуэ Хьэчим**, КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Канунников Владимир** сымэ.

Шэт Ирмэ къыдэлэжьа псомэ фIыщIэ яхуищIащ, псом хуэмыдэу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, езыр зыпрыта Iэнатlэм къыхуищIа гупльитэм папщIэ, Мусуков Алий и Iэхэу бгъэдыхьэкIэм щхьэкIэ, апхуэдэуи къыхигъэщащ Къбэрдей-Балъкъэрым лэжьэкIэм и пIалъэ къызэрыщищIар сэбэп къызэрыхуэхъунур.

КъБР-м и Правительствэм хэтхэр Iэхэугъуэ зыбжанэм хэпIащ. КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхь Заур** министерствэм и коллегием хэтхэр зэрызэрахъуэкIам тетхуэуэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэм и проектым къедэжьри, ар абы даIыгъащ. «Шэджэмэнерго» Iэхэущ1апIэр щIынальэ мылъкум къыхэгъэкIыжу къэрал мылъку зэращIыр, ар дяпэкIэ КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэм и Iэнатlэм щыкIалъэлъэпIэныныкIэ и къэрал комитетым и нэIэ зэрыщIэтынум техуэуа проектыр зэрихьэзэырыр жиIащ КъБР-м щIымрэ мылъкумрэ я Iэхэухэмкlэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Ерыстау Ланэ**.

Зи гугъу ящIахэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэмкlэ и министерствэм техуэуауэ» Законым и проектри. Министр Тутыкъу Анзор зэрыжиIамкlэ, абы зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ министерствэм и аппаратым щылажьэ цIыху бжыгъэр зэрагъэмэщIам къыхэкIыну.

НЭщIэпЫДЖЭ Замирэ.

● Налшык

УхуакIуэхэр йогугъу

Налшык и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэну автовокзалыщIэм жэщи махуи йолажь.

МЫ ЗЭМАНЫМ унащхьэр траль хьэ, щхьэгъубжэхэри храгъэубыдэн щIадзащ. А лажьыгъэм дэкIуэу вокзалым и Iэгъуэблагъэри зыхуей хуагъазэ, псыр, газыр, уэздыгъэр ирашалIэ.

УхуакIуэхэм я зэфIэкI псори ирахьэлIэ къыхуагъэува пIалъэм фIэмыкIыу автовокзалыщIэр яухыным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэрал къэпщытэныгъэхэр зэпэщу йокIуэкI

● ЕГЭ-2016

Ди къэралым и дэнэ щыпIэхэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми мы махуэхэм щокIуэкI Зыуэ щыт экзаменхэр. Дыгъуасэ, мэкъуауэгъуэм и 2-м, ныбжьыщIэхэм ятащ математикэ (базовэ Iыхьэр) экзаменыр.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхуэхэмкlэ и министерствэм и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ Мыз Залинэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкlэ, а къэпщытэныгъэ лэжьыгъэр ятащ школакIуэ 4051-м. Налшык дэт курыт школ №32-м къыщызэрагъэпэщащ ППЭ-м экзаменхэр зэрыщекIуэкIым щыкIэлъыплъащ, ныбжьыщIэхэми екъулIэныгъэкIэ ар ятыну екъуэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхуэхэмкlэ и министр Емуз Нинэ *(сурэтым)*.

ЕГЭ-р хабзэм къызэригъэув мардэм тету, сыхьэти 10-м щIидзащ икIи сыхьэти 3-кIэ екIуэкIащ. Экзаменым щекIуэкI хабзэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу, абы хэтхэм ящыщ ныбжьыщIи 2 къыщIагъэкIащ къэпщытэныгъэм. ЕГЭ-р екъуэIэныгъэкIэ птауэ къалъытэнущ абыкIэ къыпхуэхьыну балли 5-м ящыщу 3 къудей къэпхьыфIэ.

Математикэмкlэ ЕГЭ-м кърикIуахэр наIуэ къэхъунущ мэкъуауэгъуэм и 15-м ирихьэлIэу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, курыт школыр мы гъэм къэзыух ныбжьыщIэхэм ятакIэщ географиер, урыс литературэр, урысибзэр. КъыкIэлъыкIуэ экзаменыр, математикэ профильнэ Iыхьэр, школакIуэхэм ятынущ мэкъуауэгъуэм и 6-м. Тхьэм пигъэльэщ.

ЖЬILАСЭ Маритэ.

Республикэм щыпсэухэмрэ ди хьэщIэхэмрэ гу зылъатапхъэ

2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубз усакIуэ Кулиев Кьайсби и фэепIэ махуэм и щыкIэкIэ абы и фэеплъу Налшык къалэм дэтым сыхьэт 11-м деж удэ гъэгъахэр тральхьэнущ.

Мы Iуэхум фыкъыщыдогъэблагъэ.

Илъэси 101-кIэ зыпэплъа

Германием и бундестагым дыгъуасэ щыхэпIэлъащ Уэсмэн империем ермэлыхэм геноцид зэрахIэлъыIэзэрихьар къэлъытэным теухуа дэфтэрым.

Парламентым и депутатхэм я нэхъыбапIэм резолюцэр къащтащ зэдзэрэзыуэ, цIыхуитI къудейц а Iэхуэм шэч къытезыхьэу къахэкIащ. 1915 гъэм ермэлыхэм леишхуэ къазэрытехьар пхущIэхъуэмэнукъым, дунейпсо тхьдэм ар къыхощIыж зэгъэр ялэжьа щIэпхъаджагъэхэм я нэхъ гущIэгъуншэ дыдэхэм ящыщу. ХьэкIэхъуэкIагъэ хэлъу зэтраукIа цIыху лажьэншэхэм я бжыгъэр ущымыуэу, дауи, къыпхуэгъэльэгъуэнукъым, ауэ тхьидзжхэм я нэхъыбапIэр арэзы тохъуэ ермэлыхэм ящыщу а зэманым мелуанрэ ныкъуэрэ зэтраукIауэ зэрыщытам.

Тыркум и лIыкIуэу Германием щыIэр и къэралым ириджжащ, Бундестагым ича лъэбакъуэр игу темыхуэу. Тыркум и президент Эрдоган Реджеп Тайип, премьер-министр Йылдырым Бинали сымэ игъэгубжьащ депутатхэм я унафэм икIи жаIащ абы я къэралыр зэи зэремыувалIэнур.

Апхуэмыдэу, Армением Iэгуауэ щыхуаIэтащ, лIыгъэ къызыкъуэкIауэ къалъытэ депутатхэм. «Дуней псор илъэси 101-рэ хуауэ поплъэ Тыркум и тхьдэм и гупэ хуигъэззэкыным, а щIэпхъаджагъэр я деж зэрыщалэжьамкlэ зиумысжыным», - жиIащ Армением нэгъуэщI къэралыр Iуэхухэмкlэ и министр Налбандян Эдвард.

А унафэр Бундестагым кърамыгъэщтэну яужь итахэри мащIэкъым, депутатхэм ящыщ кэзд нэхъапэлъэкIэ ягъэшынэнри хэтащ, электрон пощткIэ абыхэм тхыгъэ «тKIыжьхэр» хуагъэхьащ. Резолюцэм и проектыр зыгъэхэзыра, «удэзфэхэр» партым и унафэщIхэм ящыщ Оздемир (УнащIэ) Джем жиIащ абы къыIэрыхьа тхыгъэхэм ар епцIыжакIуэу, ермэлыхэм ящыщ терористу, уеблэмэ нацисту къызэрыщалъытар. Тыркум иIэпхъукIауэ Германием щыпсэухэм ящыщщи, Оздемирым нэхъри щытракъузар арауэ къыщIэкIынщ. «Геноцид» псалъэхэр а Iуэхум ехьэлIауэ къэзыгъэсэбэп журналистхэми хуагъэхьащ зэрагъэшынэ тхыгъэхэр. Псалъэм папщIэ, мыпхуэдэу зыхуатхаэри яхэтщ абы-хэм: «Уэ лъэныкъуэ уегъэзын хуейщ», «Уэ Динк Грант зэрыIам хуэдэущ узэрыпIэнур» (а журналистыр тырку националистым 2007 гъэм иукIауэ щытащ).



♦**Черногорием егъэлъапIэ къэрал щхьэхуит щыхъуа махуэр.**

♦**1864 гъэм** Урысейм япэ зоологие хадэр къыщыдэIуахащ.

♦**1869 гъэм** Курск - Харьков - Азов гъущI гъэгум мафIэгухэр иригъуэу щIадзащ.

♦**1907 гъэм** ЕтIуанэ Къэрал Думэр зэбграуIыпщыкIыжащ.

♦**1917 гъэм** Советхэм я япэ съездыр къыдэIуахащ.

♦**1918 гъэм** ЦIыхубз комиссархэм я советым унафэ къищтащ «Третьяковым и галереер къэрал мылъкуу къэлъытэным теухуауэ».

♦**1930 гъэм** къэралым Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьымкIэ и советым унафэ къищтащ Беломор-Балтие кIэнауэр щIыным теухуауэ.

♦**1943 гъэм** Налшык лы комбинатыр зэфIэгъэувэжын яухащ.

♦**1992 гъэм** Урысей Федерацэм Шынагъэушагъэмкlэ совет къыщыдзэрагъэпэщащ.

♦Совет нейрохирург цIэрыIуэ, СССР-м медицинэ щIэныгъэхэмкlэ и академием и япэ президенту, абы и академикыу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Герасимов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу. Абы и цIэр зэрехьэ Кинематографиемкlэ урысейпсо къэрал университетым.

♦Кубэм и Къэрал советымрэ и Министрхэм я советымрэ я унафэщI, Кубэм и компартым и ЦК-м и япэ секретарь **Кастрэ Раул** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, сабийхэм папщIэ тхылъ куэд къыддзэзыгъэкIа тхакIуэ **Тамбий Александр** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Публицист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель **Шал Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Радиожурналист, Урысей артиадэм и лауреат **Батэтыр Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Ещтрэч Сулътан** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Кубаным и къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Успенскэ районымрэ Армавир къалэмрэ я Iэтащхьэу, Краснодар крайм и губернаторым и япэ къуэдзэу щыта, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Хьэту Жамболэт** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Атлетикэ псынщIэм щIиз зэфIэкIхэмкlэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа, Олимп Джэгуэкъуэ тIэунейрэ щытекIуа **Исинбаевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхэзырар **ЖЬэКIэМЫхЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Пхуэмыдэ пэщэгъум мыгъуэ уохъулIэ.

Унагъуэшхуэхэм Налшык и хьэблэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зым унапIэхэр щыхухах

Къалащхьэм щыпсэу унагъуэ 72-м Налшык и хьэблэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зым унапIэхэр щыхухах. ЩIы Iыхьэхэр зратхэм я процент 80-р сабийуэ щы е нэхъыбэ зиIэхэрщ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий бжьыхьэ кIуэм къигъэувауэ щытащ льготэхэр зытехуэ унагъуэхэу зи псэупIэхэр егъэфIакIуэн хуейхэм унэ щащын щIапIэхэр хухахыну. Зэгуэр «Налшык» совхозым иIыгъэ щыхэм ящыщу гектар 700-м нэблагъэ къызэрыкIым унапIэхэр щызэпачащ икIи Iыхьэ пыухыкIар кадастр учётым ягъэуващ. Иджы абыхэм зыхуеину коммуникацэхэр: газымрэ псымрэ зрикIуэну, псы фIейр къызэрыщIашыну бжьамийхэр, электричествэр зрикIуэну кIапсэхэр щаукъуэдий. Апхуэдэу хьэблэщIэм щаухэм хуейщ школрэ сабий садрэ.

Мэкъуауэгъуэм и 1-м Налшык къалэ округым и администрацэм щагъэшащ щIапIэхэр зыхухахэм хъыбар зэрырагъащIэ тхьилъхэр. Кадастр учётым ягъэува унапIэ 72-р си мылъку щытхэм зыхуэфащэ тхьилъхэр иратыжащ.

Льготэ зыхуэфащэ цIыхуэр ящбзыхуащ республикэм и законодательствэм тету. Абыхэм ящыщщ сабий кэзд зиIэ унагъуэхэмрэ унэгъащIэхэмрэ (зэщхьэгъусэхэм ящыщ зым и ныбжьыр илъэс 35-м щIимыгъуауэ щытын хуейщ), профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ Iэщ1агъэлIу узыншагъэр хъумэным, егъаджэныгъэм, щэнхабзэм я Iэнатlэхэм, социальнэ Iэнатlэм, щэнхабзэмрэ физкультурэмрэ я Iэнатlэм щылажьэхэр, апхуэдэу сабий ныкъэдыкIуэ зиIэхэр, къытезыгъэзэн уз хьэлъэхэр зыпкърытхэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** къызэхуэсахэм я гуфIэгъэмкlэ екъуэхъуащ икIи хухаха щIапIэщIэхэм насыпымрэ гуфIэгъуэмрэ щымыужьыхыну зэригуапэр яжриIащ.

- Документхэр унапIэхэр зыльыдсахэм Сабийхэм къащхьэщыжьынымкlэ дунейпсо махуэм зэрыратыжым къегъэлъагъуэ ди деж щIэблэм гупльитэ ин зэрыщагъуэтыр. УнапIэхэр зыхуохахахэм я нэхъыбапIэр сабий кэзд зиIэ унагъуэхэщ. ТынышпIэрэ хуабагърэ зэрылъ псэупIэ зэвгъэпэщыныкIэ лъабжьэ быдэ вгъэтащ, - къызэхуэсахэм захуигъаззэри жиIащ сабийм и хуитыныгъэхэмкlэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ **Уэгъуэ Светланэ**.

- ЩIы Iыхьэхэр къеIэзыххэм нэсу къагурыIуэн хуейщ адэкIэ езыхэр Iуэхум зэрегулъупхъэр, хозяйствэ зэпэщымрэ унэ екIумрэ езыр-езыру зэрызэтемыувэнур, - къыхигъэщхьэкуKIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий**.

Республикэм и законодательствэм къызэригъэувым тету унапIэхэр илъэсищ пIалъэкIэ бзджанду ират. А зэманым къриубыдэу щIапIэр зыхуей хуагъазэу унэ ящыкIи хуейщ. Абы иужькIэщ щIыр зыхухахам и мылъку щыхъунур.

- Дэ ди мурадщ законым къыщыгъэлъагъуэ илъэсищ пIалъэр илъэсищым нэгъэсыным теухуа жэрдэм республикэм и Парламентым къыщыхэтлъхьэну. Арыншамэ, мылъкушхэу зыбгъэдэмылъ, бын куэд зиIэ унагъуэхэм илъэсищым къриубыдэу апхуэдиз лэжьыгъэ яхуэзфIэмыгъэкIынкIэ хъунущ, - жиIащ Налшык къалэм и Iэтащхьэ **Алэкъэй Арсен**.

ШКIЭЖЬ Иренэ.

● КЪБР-м и Парламентым

Хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэгъэуэ IэнатIэм и зи чэзу зэIущIэр.

«ХЭХАКIУЭ комиссэхэмрэ референдумхэмрэ ятеухуауэ КЪБР-м и Законхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхэм и проектым тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**. Абы къыхихыгъащ референдум зэрыгагъэкIуэкIым кIэлъыплъыну политикэ партым, жылагъуэ зэгухьэныгъэм, жэрдэмщIакIуэ гуп гуэрым ящыщу къагъэлъагъуэхэм я бжыгъэр зэрагъэмэщIар. КIэлъыплъакIуэхэм ухитыныгъэ яIэнущ хэхыныгъэхэр щекIуэкI пэшым сурэт е видео щытрахыну. КIэлъыплъакIуэхэр къыззрыхах щыкIэр мы зэманым ягъэбелджылы.

ЕджэгъуиткIэ депутатхэм зэлуIэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2015 гъэм зэрагъэзащIам и IухуэкIэ» Хабзэр. ЩIынальэм и бюджетыр нэгъабэ къызэрагъэсэбэпам КЪБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхъ Заур** тепсэлъыхьащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2016 гъэм, 2017 - 2018 гъэхэм ятещIыхьа и бюджетым и IухуэкIэ» Хабзэм министрыр къыщыгеувIэм, мыпхуэдэ бжыгъэхэр къихьащ: хэхъуэр дызэрыт илъэсым сом мелард 27-рэ мелуани 127-рэ хъунущ, щIынальэм къиргъэсэбэпыну хуеинущ сом мелард 28-рэ мелуан 470,2-рэ. КЪБР-м и бюджетыр щыщIэнущ сом мелардрэ мелуан 343,2-рэ. Республикэ инвестицIэ программэм хиубыдэ ухуэныгъэхэм текIуэдэнур нэхъыбэ хъуащ. Законопроектым щыубзыхуащ бюджет зэхуакъ трансфертхэр зэрытрагъэшэнри. УФ-м и Правительствэм къаритыну трансфертым и фIыгъэкIэ хэхъуэмрэ хэщIымрэ сом мелардрэ мелуан 326-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Депутатхэм я упщIэхэм ящыщ зым и жэуапу Лыхъ Заур жиIащ нэхъ мащIэ дыдэу ятелэжьапщIэм процент 20-кIэ хэгъэхъуэным (бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьалIэу) 2016 гъэм республикэм и бюджетым зэрыщыгъэбелджылар.

«КЪБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIынальэ фондым 2016, 2017, 2018 гъэхэм ятещIыхьа и бюджетым и IухуэкIэ» КЪБР-м и Хабзэм тепсэлъыхьащ Iуэхущ Iапа и унафэщI **Мишковэ Иринэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, фондыр сом меларди 6-рэ мелуан 561-рэ хуеинущ, зыхуэныкъуэнур - аниуни 10-м щIегъу.

ЗэIуIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхальхьащ хабзэ щIхьэхуэхэм: «КЪБР-м и хъэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ зыщегъэжьыным и Iуэхукъэ», «КъэхъукъащIэ шынагъуэхэм щIынальэмрэ щIыхуэхэрэ ящIхьумэным и Iуэхукъэ», нэгъуэщI хэмэ. Апхуэдэуи депутатхэм яубыхуащ я гъатхэ сессиер щиухымрэ бжьыхьэм лэжьыгъэр щаублэжьынымрэ. Аехр - бадзэуэгъуэм и 1-мра щыщхьэуIум и 29-мрэ тохуэ.

Правительствэм хуэх сыхьэтым хиубыдэу, зэIуIэм щедэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым социально-экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и программэр (2012 - 2015 гъэхэм ятещIыхьар) зэрагъэзащIэм. Абы тепсэлъыхьащ КЪБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Белецкая Ольгэ**.

- Программэр ягъэззэщIэн зэрыщIадзэрэ республикам и ешэныгъэмкIэ и Правительствэм (2012 - 2015 гъэхэм ятещIыхьар) зэрагъэзащIэм. Абы тепсэлъыхьащ КЪБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Белецкая Ольгэ**.

- Программэр ягъэззэщIэн зэрыщIадзэрэ республикам и ешэныгъэмкIэ и Правительствэм (2012 - 2015 гъэхэм ятещIыхьар) зэрагъэзащIэм. Абы тепсэлъыхьащ КЪБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Белецкая Ольгэ**.

Министрым и къуэдзэм жиIащ республикэм къыщаухъуреихьу ику ито сом мин 20-рэ 562-рэ зэрыхъуар, нэгъуэщIу жыпIэмэ процент 1,6-кIэ хэхъуащ.

Депутатхэм къыхагъэщащ упсэун щхьэкIэ я нэхъ мащIэу уэыхуеинум хуэдизи къэзымыльэкъыщфэн я бжыгъэм кIуэ пэтми зэрыхъхъуэр, псэупIэ ухуэным къэралым хэлъхьэныгъэу хуищIым нэхърэ цыху щхьэхуэхэм а Iуэхум халъхьэр зэрынэхъыбэр. Белецкая Ольгэ улахуэхэм ятеухуауэ гу лъаригъэтащ абы УФ-м и Президентым къыдигъэкIа накъыгъэ унафэхэм къыщыгъэльэгъуа къэлэнхэм къызэрезэгъым хуэдэу зэрыхагъахъуэр.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ жиIащ 2012 - 2015 гъэхэм ятещIыхьауэ щыта программэр зэрахар, иджы гулъытэ зыхуэщIыпхъэр 2007 гъэм ягъэбелджылауэ щыта Iуэхухэрауэ зэрыщытыр. Абыхэм къызэщIубыдэ 2030 гъэ пщIондэ ди республикэм и экономикэмрэ щIыхуэхэм я псэукIэмрэ езыгъэфIэкIуэну Iуэхугъуэхэр.

Зытепсэлъыхьахэм ятеухуа унафэхэр зэIущIэм къыщащтащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Албэрды Радик

● Ди къуажэхэм

Инарыкъуей страусыр

«IэщIагъэ хуэхъунур езы цIыхум къыдалъху», - жаIэ. А пщалъэмкIэ убгъэдыхьэмэ, Тэрч щIынальэм щыщ Албэрды Радик и деж ар щынэрылъагъущ. ЩIалэ дыдэу Iэщихъуэхэм яхьихьэри, и цIэфI жригъэIащ. Инарыкъуей къуажэм щызэхэта колхозым и лэжьакIуэ пашэхэм ящыщу къэгъуэгурыкIуащ. Iэщым и пIалъэ ищIэрт, жэуаплныгъэ хэлъу IэнатIэм пэрытти, гъэмахуэ хъуплэхэм пщэрылъ щхьэхуэхэр щигъэзащIэрт. IэщIэлъ былымым теплъэкъуйыртэкъым, я шхэкIэ-зыужьыкIэм кIэлъыплъырт, я узыншагъэм зэпымыууэ хуэсакъырт, ищIэр фIэмащIэт икIи а псор зыгуэркIи къыптехьэлъэу гу лъыптэртэкъым. Мис апхуэдизу емызэщу, нэхъыжьхэм ядэхъуу, нэхъыщIэхэм я щапхъэу колхозыр къутэжыну хьэлэлу къэралым хуэлэжьащ Радик.

- НэГЪУЭЩI зыгуэр Iэщ1агъэ сщIынщ жысIэу зэи сигу къэкIакъым. Зыщыгъэпсэхур Iэщым сащыхэтым дежщ. Ар апхуэдизкIэ си лъым хэпщIащи, зэрысхуэжьи щIэкъым. Колхозыр зэрызэбграгъэкIыжар, си мызакъуэу, къуажэдэс псоми хуабжьу я жагъуэ хъуат. Абы фIы къызэрыдэмыкIуэнур Iупщ1т. Дызыщышына дыдэр къэхуащ - псэукIэр зэIумыбзщ, цIыхуэхэм IэнатIэр яфIэкIуэдащ. Абы къытхуихьар нобди ди нэгу щIокI, - жеIэ Радик, блэкIам хуеплъэкIыжу.

Албэрдыр иджыри и Iэщ1агъэм хуэпэжщ. Колхозыр щакъутэжым, мэл гъэхъуным зритри, ар игъэбэгъуащ, пщыIэ псо зэригъэпэщащэ, ар зэрехь, и щхьэ хуолэжьхэр. И мэл-бжэнхэр тIурытIыпIхущ, щырыщылъхущи, хэхъуэфI къыхуахь. «Мэлым и шхынр и цым хэлъщ», - жаIэркъэ. Зэпэщу гъэ техьэн щхьэкIэ, чэтым щимыIыгъыу, щхьэ 350-м щIигъу и хъушэр щIымахуэ псом егъэхъуакIуэ, узыншэу зарегъэужь. ЩэхуакIуэхэри хуабжьу хуэарэзыщ, Iуэху зиIэхэм езэгърабгъуу ярещэ.

«Емыш пшэрыхьщ», - зыхужаIэм хуэдэщ Радик и унагъуэр. Адрейхэм къадэкIуэу, страус домбей егугъуу зэрехьэ. 2010 гъэм зэригъэпэщащэ нэхъыбэ иIащ, ауэ и пIалъэм хэгъуэзэху фIэкIуэдыжащ. ЦIыхуэхэм есащи, страусым ямылейуэ зищIыркъым, Iуэшхуэ къэхухьам пагэу зыщегъафIэ, мащIэу зигъэуардэми, гукъыдэж ириту, «лъагъунлъагъу» къыхуэкIуэ сабийхэр дапщэщи егъэгуфIэ.

ХЪЫМБЭЗЭР Рашид.

● КЪБР-м и прокуратурэм

Iуэхугъуитхукlэ ягъэкъуаншэ

КЪБР-м и прокуроры и къуэдзэ Лаврешин Юрий Iэ щIидзащ 1963 гъэм къалъхуа налшыкдзэ цIыхухъум хуэгъэзауэ къызэIуаха уголовнэ Iуэхумкlэ тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 163-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «б» пунктым, 226-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «г» пунктым, 222-нэ статьям и япэ Iыхьэм, 317-нэ статьям, 167-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэныкъэжагъэхэр зэриджьжьам папщIэ (шыналъэкIэ мылъку къызэрытрихам, Iэщэ къызэридыгъуам, Iэщэрэ щэхэмрэ зэтеувыту зэрызэрихьам, хабзэхъуэмэм зэрытеуам, хамэ мылъкур Iисрафэ зэрищIам къыхэкIыу).

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкIэ, нэхъапэкIэ уголовнэ Iуэху ящIауэ щыта и цIыхугъэ цIыхубзымрэ ягъэкъуаншэмрэ, мурад бзаджэ яIэу, налшыкдзэ цIыхубзым сом мелуанитIрэ мин щитхурэ шынагъэкIа къытрахыну хэтащ. 2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 23-м къыпабыда ахъщэм цIыщу сом мин щитхур лейзехьэхэм щаритым, ахэр хабзэхъуэмэхэм яубыдащ.

ЗохащIыхьам теуха протоколыр щитхым, Урысейм и МВД-м Следствэмкlэ и Iуэхущ1апIэм и Налшык къалэ къудамэм и следователым бзаджащIэр теуащ, шэ щащI зыщIыгъу автоматыр зыIэригъэхьащ, полицэм и лэжьакIуэхэм яхуэзу щIидзэри, зигъэпщкIужыну хэтащ. Автоматышэр налшыкдзсхэм ящIущ зым и ВАЗ-219420 автомашинэм техуащ. Езыри уIэгъэ ящIри, яубыдащ.

Зэрагъэхъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым Следствэмкlэ и управленэм зэхигъэкIа уголовнэ Iуэхур, щIыхэпIэн папщIэ, республикам и Суд Нэхъыщхьэм ираташ.

КЪБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Мэшыкъуэ-2016»-м иджыри зебгъэтхыну гувакъым

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIынальэм щыIэ Меликов Сергей я пашэу «Мэшыкъуэ-2016» щIалэгъуалэ форумым и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIуIущIэ ирагъэкIуэкIащ. Абы хэтыныхэр зэрыхуагъэхьэзырым, мылъку-техникэ Iэмалхэмкlэ зэрызэщIэуэздам, зэхьыхьэр щынагъуэншэу къыззрыззрагъэпэщым тепсэлъыхьащ къызэхуэсахэр.

«МЭШЫКЪУЭ-2016»-м и егъэджэныгъэ программэм и унафэщI **Крысинэ Любовь** зэрыжиIамкIэ, форумым хэтыну хуейкэм я бжыгъэр цIыху 1500-рэ мэхъу, ауэ сайт щхьэхуэм (mashukforum.ru/register) иджыри зыщрагъэтх хъунущ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, зэхьыхьэм хуэзыгъэхьэзыр зэхуэсхэм яужькIэ зыщIэ абы цIыху нэхъыбэ къыщыкIуэнур. Фигу къэдгъэкIыжьынци, апхуэдэ зэхьыхьэхэр КИФЩI-м и хэгъуэгу псоми щыIэнущ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр ныбжьыщIэхэм я проектхэр зыхуэй хуэзэу, Iэхуэм нэфIней хэмылъу къызэрагъэпэщыныр щ.

Форумыр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну, къызэгъэпэщакIуэхэм ядэIэпыкъуну волонтёрхэр иджыпстукIэ къыхах, абыхэм я бжыгъэр 130-м нэсащ. «Мэшыкъуэ-2016»-м и къызэгъэпэщакIуэхэм я япэ зэIуIущIэр мыгъэвэ ирагъэкIуэкIыну я мурадщ.

Крысинэ Любовь зэрыжиIамкIэ, егъэджэныгъэ Iыхьэм хэтын жэрдэм яIэу абыхэм куэдым зыкъыхуагъаззэ. Апхуэдэу, УФ-м и МЧС-м форумым езым и ут щиIэжщ мастер-классхэмэ проектхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ щагъэкIуэкIынущ.

Ставрополь краим и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Кувалдинэ Иринэ** къызэригъэнэIуамкIэ, 2016 гъэм министерствохэм я бюджетхэр зэрагъэмэщIам къыхэкIыу мы Iуэхум трагъэкIуэдэну мылъкур нэхъ мащIэ ящIын хуей хъуащ.

«Мэшыкъуэ-2016» Кавказ Ищхъэрэ щIалэгъуалэ форумыр экономикэ, политикэ, журналистикэ, щIэныгъэ, хъыбарегъащIэ технологиехэр, гъуазджэм, щэнхабзэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэми жыджэру хэт ныбжьыщIэхэм я жэрдэмыр, я хъуэпсапIэр гъащIэм хэпщэныжкIэ хуабжьу дэIэпыкъуэгъуфIщ. УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратыр, Ставрополь краим и Правительствэр, УФ-м Егъаджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуэ, ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ федеральнэ агентствэм ар къызыхуэтыншэу къызэрегъэпэщ. Зи ныбжьыр илъэс 18-рэ-хэм иту КИФЩI-м щыпсэу дэтхэнэри абы хэт хъунущ.

КРАПИВИНЭ Викторие.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Убын псым и Iуфэм адыгэхэр щызэхуос.
Сурэтыр зыщIар наIуэкъым. 1861 гъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятхэмрэ организацэхэмрэ 2016 - 2017 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ хуэгъэхъэзырыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м ***Налшык къалэ №55-ПП***

Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятхэмрэ организацэхэмрэ, социальнэ IэнатIэм хиубыдэ Iуэхущ1апIэхэр 2016 - 2017 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэблэу къыхэмыкIыу лэжьэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятхэмрэ организацэхэмрэ 2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Тутыкъу А. М. къыхилъхьа информацэр къэлъытэн.

2. Къэщтэн мы Унафэм щIыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятхэмрэ организацэхэмрэ 2016 - 2017 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ лэжьыпхъэхэм я планыр (адэкIэ - Лэжьыпхъэхэм я план);

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятхэмрэ организацэхэмрэ 2016 - 2017 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ комиссэм хэтхэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэззэщIакIуэ органхэм я пщэ илъхьан, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм, зи мылъкум емыльытауэ - предприятхэмрэ организацэхэмрэ чэнджэщ етын:

ЛэжьыпхъэхэмкIэ планым хагъэхьа Iуэхущ1апIэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжыным текIуэдэну ахъщэр къальытэну;

унэхэр зэгъэпэлъ котельнэхэм папщIэ гъэтIылъыгъэ ящыну гъэсыныпхъэхэр 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьлIэу зэтралъхьэну;

псэуныгъэр къызэгъэпэщыным пыщIа системэхэм ящыщу къутэкэр икIэщыпIэкIэ зэрагъэпэщыжын папщIэ зыхуеину мылъкур ягъэхьэзырыну;

бюджет IэнатIэм хьыха Iуэхущ1апIэхэмрэ хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэмрэ къагъэсебэп хуабэр, псыр къэзыбж Iэмэпсымэхэр гъэувыным адэкIи папщIэну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэззэщIакIуэ органхэм къалэн ящыщIын, предприятэ, организацэ псоми чэнджэщ етын езыхэм и балансым щыт унэхэм хиубыдэ инженер коммуникацэхэр 2016 гъэм фокIадэм и 25-м фIэмыкIыу зыхуей хуагъэзэну икIи ахэр зэрыхьэзырым теухуа зыхуэфащэ актхэр хуабжьу къызэзыгъэпэщ компаниеи иратыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и пщэ ильхьэн, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм хиубыдэ предприятхэмрэ организацэхэмрэ чэнджэщ етын:

хуабэр зезыгъакIуэ Iэмэпсымэхэр, электротехникэр, жьы хъуа псы бжьамийхэр республикэм и къуажэхэм щызэгъэпэщыжыным хуэгъэзэ Iуэхуэхэр ялэжьыну;

Лэжьыпхъэхэм я планым къыщыгъэлъэгъуа псори 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьлIэу зэфIагъэкIыну икIи щымахуэ зэманым зэрызыхуагъэхьэзырар къызэрапщытэ Хабзэу Урысей Федерацэм Энергетикэмкlэ и министерствэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 12-м къыдигъэкIа унафэ №103-мкlэ къищтам къызэрыщыгъэувам тету псэуныгъэр зэлъытэ Iуэхущ1апIэхэмрэ псэупlэ фондымрэ лэжьыгъэм зэрыхуэхьэзырымкlэ актхэмрэ паспортхэмрэ ятхыжьыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэззэщIакIуэ органхэу мы Iуэхум егъэщIилIахэм ящыIэуу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятхэмрэ организацэхэмрэ, социальнэ IэнатIэм хиубыдэ Iуэхущ1апIэхэр 2016 - 2017 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэблэу къыхэмыкIыу лэжьэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятхэмрэ организацэхэмрэ 2015 - 2016 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Тутыкъу А. М. къыхилъхьа информацэр къэлъытэн.

2. Къэщтэн мы Унафэм щIыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятхэмрэ организацэхэмрэ 2016 - 2017 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьам хуэгъэхьэзырынымкIэ лэжьыпхъэхэм я планыр (адэкIэ - Лэжьыпхъэхэм я план);

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятхэмрэ организацэхэмрэ 2016 - 2017 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырынымкIэ комиссэм хэтхэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэззэщIакIуэ органхэм я пщэ илъхьан, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм зи мылъкум емыльытауэ - предприятхэмрэ организацэхэмрэ чэнджэщ етын:

лэжьыпхъэхэмкIэ планым хагъэхьа Iуэхущ1апIэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжыным текIуэдэну ахъщэр къальытэну;

унэхэр зэгъэпэлъ котельнэхэм папщIэ гъэтIылъыгъэ ящыну гъэсыныпхъэхэр 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьлIэу зэтралъхьэну;

псэуныгъэр къызэгъэпэщыным пыщIа системэхэм ящыщу къутэкэр икIэщыпIэкIэ зэрагъэпэщыжын папщIэ зыхуеину мылъкур ягъэхьэзырыну;

бюджет IэнатIэм хьыха Iуэхущ1апIэхэмрэ хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэмрэ къагъэсебэп хуабэр, псыр къэзыбж Iэмэпсымэхэр гъэувыным адэкIи папщIэну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэззэщIакIуэ органхэм къалэн ящыщIын, предприятэ, организацэ псоми чэнджэщ етын езыхэм и балансым щыт унэхэм хиубыдэ инженер коммуникацэхэр 2016 гъэм фокIадэм и 25-м фIэмыкIыу зыхуей хуагъэзэну икIи ахэр зэрыхьэзырым теухуа зыхуэфащэ актхэр хуабжьу къызэзыгъэпэщ компаниеи иратыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и пщэ ильхьэн, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм хиубыдэ предприятхэмрэ организацэхэмрэ чэнджэщ етын:

хуабэр зезыгъакIуэ Iэмэпсымэхэр, электротехникэр, жьы хъуа псы бжьамийхэр республикэм и къуажэхэм щызэгъэпэщыжыным хуэгъэзэ Iуэхуэхэр ялэжьыну;

Лэжьыпхъэхэм я планым къыщыгъэлъэгъуа псори 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьлIэу зэфIагъэкIыну икIи щымахуэ зэманым зэрызыхуагъэхьэзырар къызэрапщытэ Хабзэу Урысей Федерацэм Энергетикэмкlэ и министерствэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 12-м къыдигъэкIа унафэ №103-мкlэ къищтам къызэрыщыгъэувам тету псэуныгъэр зэлъытэ Iуэхущ1апIэхэмрэ псэупlэ фондымрэ лэжьыгъэм зэрыхуэхьэзырымкlэ актхэмрэ паспортхэмрэ ятхыжьыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэззэщIакIуэ органхэу мы Iуэхум егъэщIилIахэм ящыIэуу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и

2013 - 2018 гъэхэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зехьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м ***Налшык къалэ №71-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

2013 - 2018 гъэхэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зехьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэу 2013 гъэм щыщхьэуIум и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №238-ПП-мкIэ къащтам мы Унафэм къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэр щыгъуэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий.

● Дифі догъэлъапіэ

Хэкупсэ нэс Едыдж Батырай

Батырайрэ Светланэрэ я хьэщІэщ Мейкъуапэ къалэм и архитектору щыта Абаси Нурбий, Хъуажьхэ Фахърирэ Дуриерэ. *2013 гъэ*

Си къуажэгъу икІи си ныбжьэгъу пэж Едыдж Батырайрэ сэрэ зы илъэсым дрибынщ. Ар 1946 гъэм и накъыгъэм, сэ а гъэ дыдэм и фокІадэм дунейм дыкъытехьауэ щытащ. Адэжь щІыналъэм дыщисам, Абэзэхэ бгыжьхэм дыщыхэсам щыгъуэ зэрыщытауэ, Къэсейхьэблэщ ди къуажэм адыгэбзэкІэ иджыри зэреджэр. Ар Тырким и Анталие къалэм къедза Коркутели щІыпІэм хэтщ. ЕлэмэкІэ еджэу щытами, апхуэдэу жыпІэмэ зэрыадыгэр псоми къащІэ хъуати, а цІэр яхъуэжри Башпынар (Псынэ нэхъыщхьэ) ящІащ. Иджы зэратхри апхуэдэущ.

БАТЫРАЙ пэщІэдзэ школым ди къуажэ щыщІэтІысхьат, арщхьэкІэ ар къимыухыу я унагъуэр къалэм Іэпхъуэри, и еджэным абы щыпищащ. Сэ пэщІэдзэ еджапІэр ди къуажэм къыщызухащ. Курыт еджапІэ щхьэхуэхэм дыщІэсами, зы илъэсым Анталие къалэм къыщыздэдухащ. ИтІанэ ар Анкара кІуэри абы дэт университетым зэмыщІэ филологиер щадж и къудамэм щІэтІысхьащ, сэ Истамбыл дэт Ислъам институтым си щІэныгъэм щыхэзгъэхъуащ.

ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм дыщыщеджэ зэманым щыгъуэ адыгэ Іэхъум дыхьхьащ тІури. Ар Анкара, сэ Истамбыл дыщыІэ пэтми, щІэх-щІэхьыуэ дызэхуэзэрт, дызэрыгъуэтырт. Анкара университетыр щхьэриухыу, Батырай Германием кІуащ икІи Гейдельберг университетым политологиемрэ этнологиемкІэ и факультетым щІэтІысхьэри, ар 1981 гъэм къиухащ. Нарт Іуэрыіуатэмрэ нэмыцІэ мифологиемрэ зэгъэпщэным тещІыхьат абы утыку кърихьа доктор диссертацэ купщІафІэр. Ар екъулІэныгъэ иІэу пхигъэкІауэ щытащ Батырай.

1974-1998 гъэхэм Едыджыр Гейдельберг къалэм щылэжьащ, нэмыцІэбзэ иригъэджу. Ар куэдрэ яхэтащ Германием къыщыізІуаха Адыгэ Хасэхэми, Европей Адыгэ Хасэхэм я зэгухьныгъэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхэщакІуэхэмри. Батырай ящыщщ адэжь щыщІалъэм япэ дыдэ кьихьэжахэми. Иорданием щыщ и ныбжьэгъу Исхьэкъ Идрис и гъусэу 1974 гъэм япэу къэкІуэжат хэкужьыи. ИтІанэ, илъэс къэс жыпІэми ущымыуэну, куэдрэ къытригъэзащ, къэІэпсъужьыпэхукІэ.

Нэгъэущі къэралхэм щыпсэу ди къуэшхэм япэу яхьхьаэхми ящьщщ Батырай. Ар Иорданиеми, Сириеми, Косовэми щыІащ. Адыгэ Іуэхум ехьэлІат абы Германием езым и ІэмалхэмкІэ къыщыдигъэкІа «Щыблэ» журналыр. Апхуэдэу абы и гуащІэ хэлъщ а щыпІэм къыщыдэкІ «Ныбжьэгъу» журналми.

Псапэ щІэнми хуэжьджэрщ ар. Батырайрэ Уржьыкъу Ихьсан-Сэлихьрэ зэгъусэу Мейкъуапэ дэт сымаджэщхэм 1993 гъэм къыхурагъэщащ медицинэ аппаратхэр, хущхъуэ гъэзытыгъуейхэр. Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтми абыхэм къыхуэзэрагъэпэщат щІэнгъэпс (компьютер), макъыщтэ машинэ (магнитофон), кассетэхэр. Аращ зи фыыгъэр гъэпкъ щІэныгъэлІ Хьэдагъэзлі Аскэр Кавказыр зыдж европей щІэныгъэлІхэм я зэгухьэныгъэм зэрыхагъэхьар. Абы и 6-нэ зэхуэсыр Мейкъуапэ 1993 гъэм щрагъэкІуэкІауэ щытащ.

Батырай и унагъуэр и гъусэу адэжь щыналъэм 2006 гъэм къэІэпхъуэжащ икІи Мейкъуапэ щопсэу. Абы хуэзфІэкІащ Германием къыщыхьхуэ ипхъу цІыкІуитІым адыгэбзэ яригъэщІэн.

ЖыпІэнхурамэ, адыгэ лъэпкъымрэ адыгэ хэкужьмрэ зэгъэгъэтыжыным, ди лъэпкъым, адэжь щыналъэм зегъэужьыным и гъащІэ псор триухуащ Едыджым. ЩІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд и къаІэмрэ зэрыщІэ къыпыкІащ абы. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «Шэрджэс хэкум и библиографие» (Анкара, 1993, тыркубзэкІэ), «Кавказыр - картэхэмкІэ» (Краснодар, 2011), Эммануэль Саркисян и тхылъу «Адыгэхэм я политикэ тхыдэр» (Анкара), «АдыгэбзэкІэ тхэкІэ, еджэкІэ зэрызебгъэсэнур» (видеофильм, 1995), «АдыгэбзэкІэ сопсалъэ» (Эдинген, 1999), «АдыгэцІэхэр» (Эдинген, 2002), ЛІыІэпэ Хьэжы Мустэфэ-Махьир ефэндым и тхылъу «Кавказ дамыгъэхэр», «Фыдыхьэшхынумэ, фыкъеблагъэ!» (Мейкъуапэ, 2008), Хьэтхъуэ Сейфеддин Уморрэ езымрэ я рассказхэр зэрыт «Бгырыпх» тхылъыр (Мейкъуапэ, 2011), «Нартхэмрэ адыгэхэмрэ» (Мейкъуапэ, 2013), «Инджылызбзэ-тыркубзэ-адыгэбзэ псалъалъэ» (Мейкъуапэ, 2015), Густав Клемм и тхылъу 1843 гъэм къыдагъэкІа «Адыгэхэм я щэнхабзэмрэ я жылагъуэ псэукІэмрэ» (Мейкъуапэ, 2015).

Мы зэманым Батырай йолэжь Кавказым, адыгэхэм зэкъуэкъуэ Европэм къыщыдэкІа тхылъхэр адыгэбзэкІэ, урысыбзэкІэ зэдзэкІауэ Мейкъуапэ къыщыдигъэкІыным.

Адыгэпсэрэ адыгэгурэ зыкІуэцІылъ а цІыкІу щыпкъэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 70 ирикъуащ. Дохъуэхъуэ адыжьи куэдрэ Тхъэм тхуигъэпсэуну, тхуигъэузынщэну, лъэпкъым хуищІэну и мурадхэм лъэІэсыну.

ХЪУАЖЬ Фахъри, *«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.*

Шэрэдж псыхъуэм зыщегъэпсэху. *1986 гъэ*

Іуащхьэмахуэ лъапэ. *1986 гъэ*

Нэпсо Нихьэт Тауфикъ и къуэр

Израилым щыІэ Кфар-Камэ адыгэ къуажэм къыщалъхуа, къыщыхъуа Нэпсо Нихьэт и ныбжьыр илъэс 67-м иту дунейм ехыжащ. Ар и сабиигъуэм щегъэжьауэ гъуазджэмрэ спортымрэ япыщІауэ щытащ, егъэджакІуэуи лэжьащ. Хэкужьым къиГъэзэжри, иужьрей илъэсхэм Мейкъуапэ щыпсэуащ.

Нэпсо Нихьэт гурэ псэкІэ пэрытащ лъэпкъымрэ жылагъуэмрэ яхуэщхьэпэну Іэхъуэхэм. Адыгэ макъамэ Іэмэпсымэхэм щІэблэр хуэгъэсэжьыным, дин Іэхъуэхэм хуэущиным, тхылъхэр къыдэгъэкІыным, нэгъуэщІ къаІэнхэми и мылъкур жумарту хилъхьэрт, Хэкум къэзыгъэзэж ди лъэпкъэгъуэр тыншу ди лъэхэм щыпсэунымкІэ сэбэпышхуэ яхуэхьурт.

Апхуэдэу цІыхуфІу, адыгагъэ хэлъу зэрыщытам я закъуэкъым Нихьэт адыгэ дунейм цІэрыІуэ щызыщІар. Ар хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщакІуэ гупым, Адыгейм и Хасэм. Лъэпкъым къыщІэхъуэ щІэблэм анэдэлъхубзэр ящІэным, ар егъэджакІуэхэм сабийхэм фІыуэ ирагъэлъагъуным хэкІыпІэхэр къыхуилъхьэрт. Нихьэт Израилым щыхэзгъэ и лъэпкъэгъуэхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпызыщІэ лъэмыж яхуэхьурт, Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ дэс адыгэхэм я Іуэху зыІутым щигъэгъуазэрт Хасащхьэм хэтхэр, хэкужьымкІэ щыхъыбархэр ди къуэшхэм ялъигъэІэсырт.

Нэпсом Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм, Абхъазым, Адыгейм ныбжьэгъу щикуэдт, цІыхугъэшхуэ зэрыхэлъым пащІэ пщІэ къыхуащІырт.

Хьэлъэу сымаджэ хъуа нэужь, Израилым яшэжат къыщрагъэІэзэну, ауэ дохутырхэм я Іэзэгъуэ хэмылъу къыщІэкІащ абы къеуэлІа узыфэм.

Нихьэт и унагъуэмрэ и Іыхьлыхэмрэ дахуощыгъуэ.

Ар зытелэжьа, зыщІэхъуэпсу щыта псор ди лъэпкъым Тхьэм къригъэхъулІэ.

Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ хасэхэм хэтхэр, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым я лэжьакІуэхэр.

● Прохладнэ щІыналъэ

Сабийхэм къапоплъэ

Прохладнэ щыналъэм и гъэмахуэ школ-лагерхэм нэгъабэ сабии 130-м зыщагъэпсэхуащ.

МЫ ЦІЫКІУХЭМ ящыщу 10-р (унагъуэ хуэмыщІахэмрэ бынунагъуэшхуэхэмрэ яйти, абыхэм къалэ бюджетым яхухиа ахъшэмкІэ загъэпсэхуащ, адерейхэм ятекІуэдар кьыхэкІащ республикэ бюджетым.

Прохладнэ къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэм хъыбар къыщызыдигъэщІамкІэ, мы гъэмахуэм лагерхэм зыщызыгъэпсэхуну еджакІуэхэм я бжыгъэр илъэс кІуам елъытауэ куэдкІэ нэхъыбэщ - 6190-м щІегъу. Абыхэм щхьэкІэ лэжьэнущ школ-лагеритІ, юннатхэмрэ техник ныбжьыщІэхэмрэ я станцхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Шэджэм щІыналъэ

ЩІыуэпсым хухаха махуэ

Пщыбий Инал и цІэр зэрихьэу Нартан дэт курыт школ №92-м къепха сабий гъэсапІэм и лэжьакІуэхэр сытым дежи жыджэру хэтщ къабзагъэм теухуауэ ящІ щІыхьэхуэм. Иджыблагъэ абыхэм ягъэкъэбзащ «Кавказ» къэрал гъэсэгум и Іуфэхэр.

«ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъунщи, кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу гъэзугбгъэхэм щыкІ жыгхэр. Гуапэ тщыхьунт жьы хуэдэу паупщІахэм я пІэкІэ жыгыщІэ хасэжатэмэ», - жаІащ щІыхьэхум хэта егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ.

Мы махуэхэм абыхэм пхъэнкІийрэ кІэрыхуэбжьрыхуу а щІыпІэм ильыр зэщІакъуэри Іуашащ.

ПАЩІЭ Иннэ.

● Дэ къытхуатх

Си къуэрылъхупхъурылъхухэм срогушхуэ

«Гум пэгъунэгъуэ фІэдахэщ», жеІэ адыгэм. Щэч хэмылъу дэтхэнэми ифі игьэлъэпІэжьну, хиІэтыкІыну яужь итщ. Абы щэху хэлъу къыщІэкІынкъым, арами сыкъывгурыІуэу емыкІу сыкъэвмыщІыну сыфщогугъ. Быным нэхърэ абыхэм къащІэхъуэжар тІукІэ нэхъ гуащІэу уолъагъу, сэ си быным къатепщыкІыжауэ пщІым эблагъэ сызэриІэр си гурыфІыгъуэшхуэщ. Абыхэм я ехьэлІэныгъэм си гур хагъахъуэ, къару кьызат, гъащІэм гукъыдэж хузагъэщІу сопсэу. Сыхуейщ сэри си гурыфІыгъуэмкІэ сывдэгушэну.

СИ КЪУЭРЫЛЪХУ - ПХЪУРЫЛЪХУХЭМ я щІэныгъэм хагъэхъуэн, я къуэхым зрагъэужьын мурадкІэ дунейм щызэбгрыкІащ. Си пхъурылъху ПІэужь Алинэ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр фІы дыдэу къиухауэ Санкт-Петербург ординатурэм щІэсщ, къуэрылъху Сапранович Даниэл МЧС-м и академием (Москва) фІы дыдэу щоджэ, стипендие нэхъ лъагэм хуэдэ къехь, зыледжэ гупым я пашэщ.

КъыкІэлъыкІуэу зи гугъу фхуэсщІынур си къуэрылъху КъумыкъУ Элинэщ. Абы и анэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм экономикэмкІэ доктор лэжьыгъэ щыпхигъэкІыну щыкІуэм, инджылызыбзэр нэхъыфІу зрагъэщІэн папщІэ и бынитІри кьыхэдищтауэ щытащ. Си къуэрылъху Алим экономисту еджэри, Вашингтон ІэнатІэ хэзыгъэнэ къыщратауэ мэлажьэ. Си нысэ Иринэ Атлантэ дэт университетым щыпрофессорщ. Си щІалэ Артур экономикэ щІэныгъэхэм я доктор цІэр къыфІащауэ и унагъуэм и Іуэхур щыдэкІ къэралым мыкІуэу зыуакъым. КІэщІу жыпІэмэ, унагъуэм я Іуэхур хъарзынэу докІ, ауэ Іэхьлыхэр абыхэм хуабжьу дахуэныкъуэщ, дигу кьокІ, псом хуэмыдэу Элинэ дахэм и бзэ Іэфі дыдэм анэшхуэхэр дыдихьэхьфащи, абы нэхъ дыхуоззэш.

Элинэ Атлантэ къалэм дэт университетым и медицинэ къудамэм илъэс ещанэ хуауэ щоджэ, дохутыр Іэзэ хъуну дыкъегъэгугъэ. Абы сэр нэмыщІкІэ иджыри анэшхуитІ иІэщ, шыр Барнаул къалэм дэт университетым и урыс литературэ къудамэр къыщыухащ икІи абы щригъаджэу щытащ. Сэ КъБКъУ-м и урыс-адыгэ литературэ къудамэр къэзухащ. Элинэ медицинэм хуеджэ щхьэкІэ, урыс литературэм зэрыдихьэхкІэ США-м хуабжьу къыщыгъэсэбэпыр. Зыщеджэ Атлантэ къалэм дэт университетым хамэ къэрал куэдым кьикІахэу студент куэд щІэсщи и ныбжьэгъуэхэр зэрыпсалъэ бзэхэми дехьэх. Элинэ мурад ещІ а университетым илъэс 20 хуауэ щылажьэ «Русский клуб» зэгухьэныгъэм кІуэну. Мыбы студентхэм урысыбзэ щызэрагъащІэ.

- 1992 гъэм къызэрагъэпэщащэу щыта клубым и президенту хахауэ щытар Краснощёковэ Еленэщ. Иджы Элинэ «Урыс клубым» и президентщ.

- «Ди «Урыс клубым» щыщ, уэхуну гугъукъым: дэ пщьхьэщхьэ зэхуэс тщІыуэ урыс кинохэм, тхыгъэхэм дыщытепсэлъыхькІэ, къытхьыхьэр дыщыгугфІыкІыу кьедгъэблагъэнущ, - жеІэ Элинэ. Пщащэр клубым и унафэщІу хаха иужькІэ, абы къекІуалІэхэр урыс литературэм дригъэхьэхыну, инджылызбзэм зэрырипсалъэм хуэдэу, урысыбзэми ирипсолъэфу игъэсэну ищІа мурадыр иджы кьехьулІауэ ебж. Клубым екІуалІэ студентхэм я мызакъуэу, университетым и егъэджакІуэхэри урысыбзэм дрегъэхьэх, урыс тхакІуэхэр ярегъэщІыу, абыхэм я тхыгъэ кьыхэхахэм щыпсэу ящІ. Тхыгъэхэм урысыбзэкІэ еджэну кьыхуреджэ. Уеблэмэ, студентхэм я театр гупжьей яІэжщи, спектаклхэр урысыбзэкІэ ягъэув.

Сэ хуабжьу си гуапэ хуэдэщ си къуэрылъхум апхуэдэ къалэн щхьэпэ зэригъэзащІэр. ЩІэ бжыгъэм щІигъу ныбжьыщІэхэм я бзэм, яхэлъ щэнхабзэм зэрыригъэужьын. Абы и мызакъуэу, Мэкхуу дэт университетхэм практикэ щрагъэкІуэкІыну письмо зэхуэтхри зэпащІэ, щІэныгъэ зэдэгушэ ящІу я студентхэр Урысейм кьокІуэ, зэрощІэ, зэдолажьэ.

А зыхэтхэм, зыхуэзэхэм езыр щалъхуа щІыналъэм теухуауэ яжриІэмкІэ сыщеупщІкІэ: «Умыгузавэ, нанэ, абыхэм сэ Кавказ Ищхьэрэм, Налшык къалэ сызэрыщыщыр ящІэ. КартэкІэ ар здэщыІэр езгъэщІыхуащ, къалэм и дахагъэр зэпыу имыІэу яхуэзогъэхьыбар. СыкъэкІуэжьхукІэ папэ сыздишэ Іуащхьэмахуэ и хьыбар куэд яхузоІуатэ. Адыгэ хабзэм и дахагъэр яжызоІэ, адыгэ шхыныгъуэхэр язогъэщІыху. ЗекІуэ, зыплъыхьакІуэ дыщыкІуэкІэ, си анэм лэкъум, хьэлывэ схуещІри, яфІэІэфІу яшх», - жеІэ абы.

Элинэ зи унафэщІ «Урыс клубым» хьыхьэну хуей дэтхэнэми зригъэхъулІэныну.

«Урыс щэнхабзэм щІыхуэр хэдгъэгъуэзэныр, ар фІы и лъэныкъуэкІэ едгъэщІыхуныр ди кьалэнщ, абы зы фІы гуэр хэзылъхьэфыну, кьыджезыІэфыну хуейхэм кьытхуатхыну хуитщ. Дэ абыхэм дащыгуфІыкІынущ, жэуапи еттыжынущ, - жиІэри и электрон хэщІапІэр кьызитащ - Къумыкъу Элинэ: *elinak@uga.edu*

Элинэ щыкІуэжьым Къэбэрдей-Балъкъэрым щытриха сурэт, адыгэ тхакІуэхэм я тхыгъэ куэд зэдихьащ.

«Нанэ, сэ иджыри дохутырыщхуэ сыхъуэу Америкэм сыщеджэнущ. ИтІанэ адыги, балъкъэри, урыси фызгъэхъужьынщ», - къыщыдэжиІэм, си ныбжьыр зэрыхэкІуэтам сапэмыплъэсфынкІэ зэрыхъунум сигъэгумэщІри, нэпсыр кьысфІекІуащ.

Хъарэнэщ, сэ сапэмыплъэфми, езыхэр зэгуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэжмэ, абыхэм зэрагъэгъуэта Іэщ Іагъэр лъэпкъми-къупщхьэми кьахуэсэбэпынщ. Абы си гур фІы ещІ.

ХЬЭМЫКЪУЭ Марие.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

«Къуалэбзухэр дывгъэхъумэ»

Апхуэдэ фІэщыгъэм щІэту Дзэлыкъуэкъуажэ щекІуэкІащ щІыуэпсыр хъумэным кьыхуэзыджэ Іуэху. Абы хэтащ еджакІуэ 200-м нэблагъэ.

ІЭПЩІЭЛЪЭПЩІЭНЫМ дихьэх школакІуэхэм ягъэлъэгъащ дэтхэнэми езым и Іэкіэ ищІа бзу абгъуэхэр. Ахэр кьызыхамыщІыкІыу сытыт кьэнар - пхъэ, пластик, тхылъымпІэ Іуэ, жыг кьудамэ, н. къ. ЕджакІуэхэр тепсэлъыхьащ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щІыуэпсымрэ, ахэр хъумэным теухуауэ щІапхъэхэм. Къуалэбзуэхэм яІэ мыхьэнэмрэ ахэр зэрыбгъэшхэнымрэ, нэгъуэщІхэми.

Курыт еджапІэу 15-м нэс зыхэта мы Іуэхум кьурихьэлІат егъэджакІуэхэри адэ-анэхэри. Абыхэм псоми зэгъусэу бзу абгъуэхэр Дзэлыкъуэкъуажэм и парким и жыгхэм фІадзащ икІи зэгурыІуащ абгъуэм итІысхьэну бзу щІыкІуэм кІэлъыплъыну. Къуалэбзуэхэр хъумэным ехьэлІа Іуэхур гъэ къэс ирагъэкІуэкІынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Хэкум и хъумакІуэ ныбжьыщІэ. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Жьыщхьэ махуэ

Зауэм и бын, нобэ - анэ, анэшхуэ

Зи сабиигъуэр хэку зауэшхуэм и зэманым хиубыда, комсомолым хэта, лэжьыгъэм и ветеран Ботэщ Соня и гъащІэм гуауи гуфІэгъуи щигъэунэхуащ. Тэрч щІыналъэм хиубыдэ Болэтей къуажэм къыщалъхуа, къыщыхъуа Соня иджы Налшык дэсщ. И щхьэгъусэ Индэрбийрэ езымрэ илъэс 50-м щИгъуауэ зэдопсэу. Я хъыджэбзищми щІэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтащ: Саетэ МВД-м и майорщ, ФатІимэ докутырщ, Айшэт ГАИ-м хэтщ. Я пхъурылъхухэри къыдэкІуэтеящ.

СОНЯ ирогушхуэ «Лжжьыгъэм и ветеран» цІэр зэриІэм.

- Илъэс 32-кІэ СКЭП-м ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм сыпэрыту сыщылэжьащ. Илъэси 10-р узынщагъэмкІэ зэран цехым щысхьащ. СфІэфІу сылажьэрт. КлассищІ къэзуха нэужь, комсомол путёвкэкІэ сагъэкІауэ арат абы. Гугъу дехьми, ди гуащІэм гу къызэрылъатэным иужь ditt. НэхъыфІу лажьэхэр зэрыт блын газетым си сурэтыр зэи кьрахакъым, - пещэ Соня.

Езым и щІалэгъуэр зыхиубыдамрэ нобэрей зэманымрэ зэрегъапщэри, абы щыгъуэ щыІа псоукІэм зэрыкъуэзэшри жеІэ:

- Нэхъапэм егъэлеяуэ гугъу дехьырт, ауэ дыпэлъэщырт сытым зетпщытми. Иджы упсэну тышмии, щыхуэкъм лэжьыгъэ ІэнатІэ ягъуэтыркъым, сомми къыщІэкІыж щыІэкъым.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ аращ Ботэщ Соня усэ тхын зэрыщІидзэрэ. ЗыгъэгуфІэр, зыгъэнэщхьейр, и гум къыдыхьэр тхылъымпІэ кІапэм нехьэсри, и унагъуэм кьахуоджэ.

- Сигу кьыхэзыгъэщтыкІи сызыгъэгуфІи щызыІэщ гъащІэм. Хэку зауэшхуэм и гуаэми, ди анэдолъхуфЗэми, щІыуэпсым и телъыджагъэми, сышылъхуэ къуажэми, нобэрей гъащІэми, бынымрэ щхьэгъусэмрэ я Іэфіми сахуэусащ, - щыгуазэ дещІ абы.

1942 гъэм, зауэм и гуащІэгъуэу, кьалъхуа Соня игъэунэхуащ мэжащІалІагъэри, щІыуэ щІыІэри, илъэгъуащ фызабэхэм я нэпси.

- А псори кьызэзэнэкІа нэужь, бын гуфІэгъуэ куэдрэ згъэунэхужащ. Ди хъыджэбзхэм гъусэ яхуэхъуахэр щІыхуэ тэмэмщ, дэтхэнэми зэрыпсэун Іэщ Іагъэ иІэщ. Сэ щІэныгъэ зэзгъэгъуэтыну Іэмал симыІами, абыхэм кьахуэзэпищащи, согуфІэ, - жеІэ Соня.

ГЪУЭТ Синэ.

Адыгагъэ

«Сэ сыадыгэщ» жыпІэу,
Уемыуэ уи бгъэм куэдрэ Іэкіэ.
ПщІэ-нэмыс зыхэлъхьи япэ,
ПхуэзфІэкІ гъэльагъуэ Іуэхукіэ.
Зыгъэр плъэкІмэ, умыпагэ,
Дэ Іэпыкъу, хуэщІэф нэгъуэщІым.
Къолъэ Іуамэ, игу гъэзагъэ,
«Хуэсщ Іащ» жыпІэу жумыІэж.
Адыгагъэм урипагэм,
Іуэхукіэ ар гъэльагъуэ.
Хабзэ дахэм и къабзагъэр
Гурэ-псэкІэ зехьэн
Адыгагъэр уи лъым хэтмэ,
Жьыкіэфхэм пщІэ зехьэнщ.
Адыгагъэм гъуэгу игъэтмэ,
Ди дунейр нэхъ гуапэ хъунщ.

Зауэм и бын

Зэман бзаджэм уэ ухалъхуати,
Уэ сабиигъуэу уиІар кІэщІт.
Шхын Іэфіи хуабэу уагъэшхакъым,
Быдзышэ щыпІуэуари машІэж.
Зауэ нэужьым губгъуэм уздахьти,
КІэнауэ бэкъурт уиІэр гущІэу.
Жьауэр здекІуэкІымкІэ урахьэкІыу,
Колхоз губгъуэми уэ ущапІырт.
Уигъэшхын щимыгъуэткІэ уи анэм,
Гъэпщкіуауэ ари куэдрэ гъащ.
ХьэлІамэ пліанэ кьыхъысамэ,
Ар, гуфІэу, уэ кьыпхуишящ.
Зауэ мафІэм хуипІыкІащ,
ЩІыуэ щыІэм, гузавэм, уихьу.
ЩІыІэм уфІисмэ, и куэщІым уи анэм
Уигъэхуэбэну урикъузащ.
Уэ кьыхэпхакъым езым уи гъащІэр,
Зэманыр щыбзаджэм ухалъхуат.
Ущихъумащ мафІэ лыгъэм уи анэм,
Уэ кьызэроджэри «зауэм и бынщ»

БОТЭЩ Соня.

● Псапэ

«Вагъуэ цIыкIухэр» хуэныкъуэхэм ядоIэпыкъу

Лъэпкъ къафэхэр гъэзэщIэнымкIэ щапхъэу къалъыта «Вагъуэ цIыкIухэр» сабий ансамблым (художественнэ унафэщIыр Къурашэ Эдуардщ) и къэфакIуэхэм иджыблагъэ Налшык къалэм и Музыкэ театрым концерт щатащ. Нартан къуажэм дэт сабий интернатым щыIэхэм ядэIэпыкъун папщIэ.

КОНЦЕРТЫР ирагъэкIуэкIащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Сэхъу Хьэсэнрэ** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистэ **КIэхумахуэ ФатIимэрэ**. Хуэныкъуэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ япэIэбэным теухуа мурад дахэ зыщIу псапащIэ пшыхьым зыкъезыгъэжьэ лIаxэм фIыщIэ хуащIа нэужь, кьызэхуэсахэр хагъэгуэзащ «Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблым и къэфакIуэхэм зэман кIэщIым къриубыдэу ехьулIэныгъэфIэр зэрызыIэрагъэхьам, республикэпсо, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэ зыбжанэм зэрыхэтам икIи абыхэм кьызэрыщIхэжаныкIам. Псалъэм папщIэ, 2014 гъэм Сочэ къалэм щекIуэкIа «Дахагъэм дунейр къригъэлынущ» дунейпсо телевизионнэ зэпеуэм и «Гран-При»-мрэ япэ увыпIэр кьызэрахьам щыхьэт техьуэ щIыхь тхылъымрэ кьыхуагъэфэщащ абыхэм. Гупыр пашэ щыхьащ 2015 гъэм екIуэкIа «Мэзкуу бжыхьэ» япэ федеральнэ зэпеуэм. Гупым я ехьулIэныгъэм кьыпэкIуащ щIыхь тхылъым и япэ нагъыщэмрэ кубокымрэ, къэпщытакIуэхэм я «Iэзагъэм хуэзышэ» саугъэт щхьэхуэр, лъэпкъ хабзэхэр зэрахъумэм папщIэ. КьищынэмыщIауэ, иджыблагъэ Санкт-Петербург щекIуэкIа, къэфакIуэхэм я «НЕВА-Данс» III урысейпсо зэпеуэм и унэтIныгъэ псоми «Вагъуэ цIыкIухэр» зэрыщытекIуар, лауреат зэрыщыхъуар къалъытэри, ар кьыхэзыхьа «Алые паруса» щэнхабзэ фондым и «Дэрэжэгъуэ» саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ.

«Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблым псапащIэ концертыр пасэрей адыгэ къафэжьымкIэ кьызэIуихащ. Абы кьыкIэлъыкIуащ уджэхэш, уджпыху, ислъэмей, нэгъуэщI лъэпкъ къафэ лIэужьыгъуэхэр. Къыдэрэзэрагъэпэщрэ илъэсиплI фIэкI мыхъуа «Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблым хэт ныбжьыщIэхэм къафэм зэфIэкIышхуэ зэрыщIэр къагъэлъэгуащ. Зи фащэкIи зыIыгъыкIэкIи кьызыхуэтыншэ гупым укIэлъыплъыну гухэхъуэт. Концертым хэтхэм наIуэ тщащIащ адыгэ къафэхэм я дахагъэр, абы кьыгуэхьипIэ имыIэу епха лъэпкъ хабзэмрэ гъуэзджэмрэ хуаIэ лъагъуныгъэр. Республикэм и щэнхабзэм, къафэм и зыужьныгъэм зи зэфIэкI езыхьэлIэну, абы зезыгъэужьыну къафакIуэхэм ящыщ зы хъуну гупым гугъэшхуэ уагъэщI.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** и псалъэм кьыхигъэщащ «Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблым и къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм я хьэл-щэн дахэр, я зэфIэкIыр куэдым я дежкIэ щапхъэ зэрыхуар, абыхэм я ехьулIныгъэхэм уригушхуэ зэрыхъунур, республикэм щекIуэкI щэнхабзэ, гъуэзджэ зэхьхьэхэр къэфакIуэхэм зэрагъэдахэр. Министрым гупым хэтхэм я адэ-анэхэм фIыщIэ яхуищIащ къафэм, щэнхабзэм я мыхьэнэр кьаэзэрыгурыIуэм, зэрызыхащIам, я щIеблэм я зэфIэкI абы зэрыхалъхьам папщIэ.

КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Инжыжокъуэ Сэфарбий** псапащIэ Iэхуэм хэтхэмрэ абы кьырихьэлIахэмрэ фIэхъуэ гуапэ ярихащ икIи фIыщIэ яхуищIащ. Кьыхигъэщащ ныбжьыщIэхэм концерт ят кьудей мыхъуу, гулъытэ хуэныкъуэхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ къэралым щызекIуэ хабзэ дахэм зэрыпащэр, апхуэдэ зэхьхьэ щхьэпэм цIыхухэр нэхъри зэрызэкъуигъэувэр зэрыгуапэр.

Нартан къуажэм дэт школ-интернат №95-м и унафэщI **Алишанов Алисультан** я еджапIэм и егъэджакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ кьабгъэдэкI фIыщIэ тхылъымрэ саугъэтымрэ хуигъэфэщащ я кьуажэм пщIэ щызиIэ Къурашэ Эдуардрэ абы и гупымрэ, я Iэхуэщ1апIэм апхуэдэ гулъытэ кьызэрыхуащIам папщIэ.

- «Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблым и къэфакIуэхэм я утыку итыкIэм, я зэфIэкIым ильэс зыбжанэ хъуауэ дыкIэлъоплъ икIи тельыфжэ тщохъу. Нартандэсхэр сыт щыгъуи лэжьыгъэми щэнхабзэми кьыхэжаныкIыу зэрыщытым тепщIыхьмэ, ар икIи гурыIуэгъэщ, - жиIащ Алишановым. - ШыIэныгъэ, Iэдэбагъ зыхэлъ мы ансамблым куэдым дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ ират.

Псапэ Iэхуэр кьыхэзыльхьахэм, абы хэтахэм, зыкъ-резыгъэхьэлIахэм фIыщIэ хуащIу пшыхьым кьыщIопсэльащ Шэджэм районым, Нартан къуажэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэу **ТекIуэшэ Артур**рэ **КIагуэ Валерийрэ**.

Концертыр ягъэдэхащ узэрэджыкIуэ ТкъэкIмащIэ Асльэн, пшынауэ Сэхъу Хьэсэн, школ-интернатым и гъэсэнхэм. Пшыхьым кьырихьэлIахэр ирагъэдIуащ УФ-м щIыхь зиIэ, КъБР-м и цIыхубэ артистэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и жур-налистэ МахуэлI Хьаджэтрэ кьызэджа усэхэм.

КIэхумахуэ ФатIимэ фIыщIэ яхуищIащ концертыр зэрекIуэкIынум теухуа хъыбарыр зэбгрезыгъэха республикэ, федеральнэ телеканалхэмрэ радиохэмрэ, зыбгъарегъащIэ IуэхущIапIэхэм, фащэкIэ цIыкIухэр кьызэзыгъэпэща дзрэзэр ГъущIэ Заирэрэ абы и лэжьакIуэхэмрэ. Концертым и сценарийр игъэхьэзыращ икIи абы и режиссёр хъуащ Сэхъу Хьэсэн.

Псапащ1э Iэхуэр «Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблым хэтхэм зэхуащIыжащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и ветеранхэм яхуэгъэза «Кабардинка» къафэмкIэ.

ТекIуэжь Заретэ.
Сурэтхэр **Iэхъуэбэч Хьэзрэ1ил** *трихащ.*

Дунейм къытехьащ етIуанэ къыдэкIыгъуэр

«Iуащхьэмахуэ» журналым и етIуанэ номерыр къызэIуех ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм теухуа уэсакIэ. Ар зытхар Мыкъуэжь Анатолэщ.



КИНОРЕЖИССЁР, тхакIуэ Вэрокъуэ Владимир ильэс 80 ирикъуащ. НэщIэпыджэ Замирэ тхакIуэм епсалъэу итхыжа «Сэ сыарзэщу си гъащIэр къызэрекIуэкIамкIэ» тхыгъэр аращ зытеухуар. Ар «ЖьантIэ» Iыхьэм традзащ.

«Зэчий зыбгъэдэльым куэд льокI» тхыгъэри зытеухуар Вэрокъуэрщ, зи Iэдакъэщ1экIыр КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Мэзыхьэ Борисщ. АдэкIэ фыкъыщеджэнщ Вэрокъуэ Владимир хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэм. КIэлъыкIуэу зыщывгъэгъуазэ Вэрокъуэм и «Къэбэрдейм и иужьрей пщышхуэ Жанхъуэт Кушыку» документальнэ повестым.

«Прозэ» Iыхьэм итщ Хьэмзт МуIэед и «Адыгэ амазонкэхэр» романым щыщу традзэм кIэлъыкIуэр.

КъБКъУ-м и магистратурэм щеджэ Щауэ Каринэ «Тхыдэ къэхъуькъащIэхэр лъагъуныгъэм и бзэкIэ кьыщыIуэтэжа роман» тхыгъэм щызэпкърех щэрджэс тхакIуэ ТIыуаршы Асльэн и «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романыр. Журналым тридзащ а романым щыщ пычыгъуэ. Мыхэри, Думэн Мурадин итха «Мазэгъуэ жэщ» хъыбарри итщ «Прозэ» Iыхьэм.

«Усыгъэ» Iыхьэм фыкъыщеджэнщ Уэрэзей Афлик и усэщIэхэм.

Журналист Мыз Ахьмэд «Зи джэгукIэ зиIэж» тхыгъэм зи гугъу щищIыр Щоджэнцыкиу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист Къэжэр Борисщ. Ар итщ «Культурэ» Iыхьэм.

«IуэрыIуатэм» фыкъыщеджэнщ нарт Уэзырмэдж и хъыбархэм ящыщу «ЛIыгъэр зэрригъэунэхуар», «Уэзырмэджрэ щIалэмрэ».

«Сабийхэм папщIэ» Iыхьэм традзащ Даур Зое итха тауръыхъэу «Амыдэ», «ЛIыбэ и къуибгъур», «Бубэчырэ Дахэнуррэ».

«ТхыльеджэрэщыгуфIыкIынщ» тхыгъэм Хьэвжокъуэ Людмилэ кIэщIу щатопсэлъыхь 2015 гъэм къыдэкIа тхылъыщIэхэм. Абыхэм ящыщщ тхакIуэ Нало Заур и фэеплъу къыдагъэкIыж «Тхыгъэ кьыхэхахэр томищым щызэхуэхьэсауэ» къыдэкIыгъуэм и етIуанэ тхылъыр; Мэзыхьэ Борис и «Тхыгъэ кьыхэхахэр. «Новеллэхэр. Повестхэр»; Iэщыж Борис и «Жьыпэу» тхылъыр; Къуныжь ХьэIишэт и «Удзыпэ тхьэлъэIу» усэ тхылъыр; Джэрыджэ Арсен сабийхэм папщIэ къыдигъэкIа «Ажэжьым и жьакIэр» тхылъыр.

1937 гъэм лажьэншэу ягъэкIуэда къэбэрдей тхакIуэ Махъсидэ Залымхъан и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ теухуа «Зи лъэужьыр мыужьыха» тхылъыр зэхэзыгъэувари, тхыгъэхэр зэхуэзыхьэсыжари, къыдэкIыним хуэзыгъэхьэзыари Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ-къэухтакIуэ институтым и лэжьакIуэ Гуанэ (Махъсидэ) Аидэщ.

Бзэм, литературэ щIэныгъэм, критикэм зэжьыным хуэгъэпса тхылъхэри къыдэкIащ нэгъабэ. Апхуэдэхэщ филологие щIэныгъэхэм я доктор Алъхъэс Светланэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Иджырей къэбэрдейшэрджэс литературэ» («Современная кабардино-черкесская литература. Фактологические, событийные материалы») монографиер, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Хэжь Залинэ и «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и наклоненэ категорием и семантико-грамматическэ щхьэхуэныгъэхэр» («Семантико-грамматическая характеристика категории наклонения в кабардино-черкесском языке») монографиер.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● Шахматхэр

Ветеранхэм я зэпеуэ

Дзэлыкъуэкъуажэ щекIуэкIащ щыналъэм и ветеранхэмрэ пенсионерхэмрэ шахматхэмкIэ я зэхьэзэхуэ. Ар къыдэгъэпэщащ щыналъэ администрацэм спортымкIэ, физическэ щэнхабзэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и къудамэмрэ Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэмрэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ шахматист цIэрыIуэхэр, спортым и мастерым и кандидатхэр - псори зэгуусэу цIыху 11. ЗэIущIэ куэд уагъэпIейтейуэ, гуащIэу екIуэкIащ.

Зэпеуэм и шахматист нэхъ лъэщ хъуащ Сэрмакъ къуажэм щыщ Дохъушокъуэ Хьэзрэталий. Ар зэIущIапщIым ящыщу бгъум щытекIуащ. Дохъушокъуэмрэ Дзэлыкъуэдэс къикIа, етIуанэ увыпIэр зыубыда Хьэмызэ Мухьэмэдрэ я зэпэщIэтыныгъэм нэхъ лъэщыр щызэхэкIакъым икIи адрей зэIущIэхэм кьыщагъэльэгъуа зэфIэкIым ипкъ иткIэ иужьрейм етIуанэ увыпIэр кьыхуагъэфэщащ. Ещанэ хъуари дзэлыкъуэдэс Ныр Сультанщ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ кьыхэжаныкIахэмрэ щIыхь тхылъ, медалхэр, Дзэлыкъуэщ1ыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм кьыбгъэдэкI ахъшэ саугъэтхэр ираташ.

ЩIыналъэ зэпеуэм хэтахэм я щIэкIэ абыхэм я нэхъыжь АфIэунэ Амдул кьызэгъэпэщакIуэхэмрэ район унафэщIхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ. «Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр икъукIэ сэбэпышIуэщI», - жиIащ абы.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Къару зэхэгъэкIыгъуэ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу зэIущIэхэр зэхэтащ. Абы и еянэ джэгуГъуэм щызэпэщIэуват мыгъэрей зэхьэзэхуэм бжыгъэр щызыубыда «Союз-Сэрмакъымрэ» нэгъабэрей зэпеуэм и дыщэ медалхэр зыIэрызыгъэхьа «Къэхъунымрэ».

ПАШIЭХЭМ я зэныкъуэкъунигъэр хуабжьу гуащIэ хъуащ. Ахэр зыр адрейм кьыпикIуэтыну зы муради яIэтэкъым икIи япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ ерыщу зэпэщIэтащ. Абы и фIыгъэкIэ, толджэгум епIыну кIуахэм я нэгу зиужьащ, дзрэжэгъуэи ягъэтащ. Командхэм топ щырыщ зым и гъуэм адрейм дигъэкIащ икIи зэхьэзэхуэм гъэкIуауэ зэбгъэдэхьажащ.

«Союз-Сэрмакъымрэ» «Къэхъунымрэ» очко тIурытI зэрафIэкIуэдар кьигъэсэбэпри, мыгъэрей зэхьэзэхуэм бжыпIэр щиубыдащ «Автозапчасть»-м. Бахъсэндэсхэм я стадионым бжыгъэшхуэкIэ щыхагъэщIащ Аргудан къуажэм кьикIа «Бедик» командэр.

Аргуэрыжьти, фIахьэхуащ «Кэнжэм». Мы гъэм кэнжэдэсхэр тегушхуэгъуафIэ ящIащ икIи зыдэджэгуа псоми кьыхатащIауэ ижь дыдэ увыпIэр яIыгъ.

НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм бжыпIэр щиубыдащ «Тэрчым». Абы очкоитIкIэ кьыкIэроху нэгъабэрей зэхьэзэхуэм пашэныгъэр кьыщIэзыхьа Нарткъалэ и «Нартыр».

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ КъэбэрдейБалъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм ижьыу щызэхэта зэIущIэхэм кьарикIуа бжыгъэхэм: *еблагэ джэгуГъуэ* - «**Горис-179-Кавказкабель**» (Прохладнэ) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **4:1**, **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **4:2**, **«Бедик»** (Аргудан) - «**Союз-Сэрмакъ**» (Налшык) - **0:2**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:4**, **«Спартак-Налшык-Д»** (Налшык) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **8:1**, **«Къэхъун»** (Къэхъун) - «**ХьэтIохъущIыкIуей**» (ХьэтIохъущIыкIуей) - **5:0**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **2:3**, **«Iэдиихуу»** (Iэдиихуу) - «**Велес**» (Къэрэгъэлу) - **2:5**; *ещанэ джэгуГъуэ* - «**Кэнжэ**» - «**Родник**» - **2:5**, **«Автозапчасть»** - «**Бедик**» - **3:0**, **«Велес»** - «**Псыгуэнсу**» - **3:1**, **«Горис-179 - Кавказкабель»** - «**Нарт**» - **0:1**, **«ЛогоВАЗ»** - «**Спартак-Налшык-Д**» - **2:2**, **«ХьэтIохъущIыкIуей»** - «**Бахъсэн**» - **2:2**, **«Союз-Сэрмакъ»** - «**Къэхъун**» - **3:3**, **Тэрч**» - «**Iэдиихуу**» - **4:1**.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	8	7	0	1	22-7	21
2. «Союз-Сэрмакъ»	8	6	2	0	23-10	20
3. «Къэхъун»	8	5	2	1	28-11	17
4. «Тэрч»	8	5	1	2	18-11	16
5. «Бедик»	8	5	0	3	15-12	15
6. «Велес»	8	4	2	2	29-22	14
7. «Нарт»	8	4	1	3	14-16	13
8. «Псыгуэнсу»	8	3	3	2	14-13	12
9. «Бахъсэн»	8	3	2	3	21-21	11
10. «Спартак-Налшык-Д»	8	2	3	3	17-17	9
11. «ХьэтIохъущIыкIуей»	8	2	2	4	11-17	8
12. «Iэдиихуу»	8	2	1	5	10-23	7
13. «Родник»	8	2	1	5	17-24	7
14. «ЛогоВАЗ»	8	1	3	4	13-18	6
15. «Горис-179-Кавказкабель»	8	1	1	6	10-16	4
16. «Кэнжэ»	8	0	0	8	13-37	0

● Гу зытъытапхъэ

Илъэс 30-кIэ Америкэм щылэжьа егъэджакIуэм

инджылыбзкIэ хуиту фыкъеджэу икIи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:
- зи ныбжьыр илъэси 8-15-м ит сабийхэм;
- балигъхэм (студентхэм, бизнесменхэм).

Гъэмахуэ зэманым лажьэ школ щхьэхуэ къызэрегъэпэщ.

Езым и Iуэхур зэрыхуэхьун хуэдэу дэтхэнэри тхьэмахуэм щэ къекIуалIэ хъунущ.

Еджэн щIадзэ мэкъуауэгъуэм и 10-м.

Зезыгъэтхьнухэр къэпсалъэ хъунущ **8 -967-417-78-85** телефонымкIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэм-кIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныыгъэр зэхуэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 3, 5-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 4, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №713